



The School Board of Broward County, Florida

RESOLUTION

No. 17-98

REZOLISYON KI DEZIYEN **SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA**
KÒM YON DISTRI KI ANKOURAJE ENKLIZYON, SEKIRITE, AK AKÈY EPITOU KI
ASIRE YON ANVIWONNMAN AK YON ESPAS PWOTEJE POU TOUT ELÈV, KOTE YO
KAPAB APRANN EPI DEVLOPE, KÈLKESWA ESTATI IMGRASYON, RELIJYON,
OSWA PEYI DORJIN

LÈ N KONSIDERE, Tribunal *United States Supreme Court*, nan desizyon li te pran, *Plyler* v. *Doe* (1982), deklare okenn distri lekòl piblik pa gen dwa refize okenn timoun aksè a yon edikasyon poutèt estati imigrasyon-li; tribinal-la site mal sa ka fè yon timoun ak sosyete-a tou, epitou tribinal-la site klòz pwoteksyon egal *Fourteenth Amendment* (Katòzyèm amannman);

LÈ N KONSIDERE, se dwa chak timoun, kèlkeswa estati imigrasyon-li, pou li jwenn aksè nan yon edikasyon gratis piblik K-12 (kindègadenm rive douzyèm ane) epi **School Board of Broward County, Florida** akeyi epi sipòte tout elèv;

LÈ N KONSIDERE, **SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA** gen responsablite asire tout elèv ki rezide andedan zòn delimitasyon distri a kapab an tout sekirite jwenn aksè nan yon edikasyon gratis piblik K-12, kèlkeswa estati imigrasyon, relijyon oswa peyi dorjin;

LÈ N KONSIDERE, aktivite ranfòsman lwa sou imigrasyon sou pwopriyete lekòl Distri-a, nan bis Distri-a, ak/oswa diran aktivite edikasyonnèl, kit se nan siveyans, entèvyou, demann pou enfòmasyon, arestasyon, detansyon, oswa atravè lòt mwayen, aktivite silayo kapab pètib, nan yon fason nwizib, anvivonmanman aprantisay, ke tout elèv, kèlkeswa estati imigrasyon-yo, andwa genyen, epitou entèfere konsiderableman ak abite elèv-yo pou yo jwenn aksè nan yon edikasyon gratis, piblik K-12; elèv sitwayen ameriken, ak elèv ki gen papye legal ki detèminen kondisyon prezans-yo Ozetazini ladann tou;

LÈ N KONSIDERE, atravè politik ak pratik li deja adopte, Distri-a pran angajman asire yon edikasyon bon kalite pou tout elèv, sekirize yon anvivonmanman estab pou aprantisay, ofri sèvis transpòtasyon aleretu ant lekòl ak lakay, respekte è rezève pou enstriksyon andedan saldeklas, epi asire elèv-yo vin regilyèman lekòl;

LÈ N KONSIDERE, *U.S. Immigration and Custom Enforcement's (ICE)* – Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn Ozetazini depi lontan adopte yon politik ki di li pap mennen okenn aktivite ak operasyon ranfòsman lwa sou imigrasyon nan okenn milye sansib, tankou nan lekòl-yo ak sou kampis kolèj/ivèsite, san li pat jwenn anvan yon otorizasyon espesyal nan men ofisyèl espesifik onivo federal ki apwouve aktivite-sa-yo, sòf nan ka sikonstans jjan epi esepsyonnèl;



LÈ N KONSIDERE, aktivite ranfòsman lwa sou imigrasyon andedan lekòl-yo kapab kreye difikilite ak obstak nan akonplisman edikasyon epi gen efè sou sante, kapab kreye yon atmosfè jeneralize lakrent, konfli ak tansyon ki va afekte tout elèv nan lekòl-nou-yo andedan Distri-a, nan bis Distri a ak/oswa diran aktivite edikasyonnèl, tout elèv kèlkeswa miye oswa estati imigrasyon, tankou timoun ki gen yon estati legal men manm fanmi-yo, zanmi, oswa kamarad klas-yo pa gen youn, ak elèv ki san papye legal, yo tout afekte epi a ris;


LÈ N KONSIDERE, byen souvan, manm pèsonnèl edikatif ak anseyan se premye sous sipò, resous ak enfòmasyon; estaf ak pwofesè la pou ede epi asiste elèv-yo epitou bay sipò avèk aprantisay, epi pran ankont byennèt emosyonnèl elèv-yo;

KOUNYEA, KIDONK, NAN REZOLISYON SILA Board-la deklare lekòl Distri-a, bis Distri-a ak/oswa aktivite edikasyonnèl, se yon *Safe Place* (Kote an Sekirite) pou elèv-li-yo, sa vleli Distri-a se yon kote elèv-yo kapab ale pou aprann, devlope epi chèche asistans, enfòmasyon, ak sipò pou tout keksyon anrapò ak ranfòsman lwa sou imigrasyon.

REZOLISYON ADISYONNÈL, aktivite ranfòsman lwa sou imigrasyon pa dwe mennen sou kampis lekòl; sòf si gen sikonstans ijian epi esepsyonnèl, dapre definisyon Depatman Sekirite Terioryal Etazini ba-li (*U.S. Department of Homeland Security*);

REZOLISYON ADISYONNÈL, lè ajans ranfòsman lalwa Leta, lokal oswa polis lekòl k'ap ajri nan non ICE, oubyen ajan oswa otorite pou nempòt ajans federal, leta oswa lokal k'ap eseye ranfòse epi egzekite lwa federal sou imigrasyon, Distri-a va adopte kondwit silayo pou asire Distri-a satisfè devwa-li founi tout elèv, aksè nan yon edikasyon gratis piblik K rive 12, kèlkeswa estati imigrasyon elèv-yo:

1. Pèsonnèl Distri-a pa dwe chèche konnen oswa anrejistre, kondisyon/estati imigran yon elèv, paran oswa gadyen yon elèv oswa elèv ki elijib. Si yon elèv oswa manm fanmi-li revele li-menn enfòmasyon konsènan estati imigran-li, lekòl-la pa dwe kenbe okenn rejis osijè revelasyon-sa.
2. Sizoka ajan ICE oswa lòt ajan ranfòsman ak egzeksyon lwa sou imigrasyon ta mande enfòmasyon sou elèv, lekòl-la dwe transmèt demann-la san pèdi tan bay Direksyon jiridik Distri-a, *General Counsel's Office*, pou asire konfòmite ak respè lwa sou lavi prive ak dwa edikasyonnèl fanmi [*Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)*.]
3. Tout komunikasyon inisye pa yon lekòl oswa manm pèsonnèl yon lekòl pou bay ajans oswa otorite federal, enfòmasyon konfidansyèl konsènan yon elèv oswa fanmi yon elèv, entèdi. Enfòmasyon-an se kapab, men pa limite ak: enfòmasyon sou idantite seksyèl (*gender identity*); oryantasyon seksyèl, sivivan vyolans domestik; sivivan yon atak seksyèl; temwen krim; benefisyè asistans piblik; estati imigran oswa sitwayen (sitizenn), reyèl oswa sipoze; dosye disiplin lekòl-la; epi tout enfòmasyon ak ranseyman ki nan dosye edikasyonèl yon elèv, sòf si elèv ki elijib-la oubyen paran oswa gadyen elèv-la te bay alekri otorizasyon kominike enfòmasyon-an.
4. Se Distri-a ki va asire lalwa respekte lè otorite imigrasyon fè yon demann enfòmasyon.



5. Nan ka otorite imigrasyon fè yon demann oswa vle jwenn aksè nan yon lekòl, lekòl-la va san pèdi tan transmèt demann-nan bay Direksyon jiridik (*General Counsel*), pou li egzaminen demann-nan oswa revize l oswa ankò pran yon desizyon. Direksyon jiridik-la va asire Distri-a respekte lwa *Plyler v. Doe* ak lòt lwa ki aplikab si li decide kite otorite imigrasyon antre sou pwopriyete lekòl-la. Demann-nan dwe akonpaye ak yon notis adekwa konsa *School District Administration* (administrasyon distri eskolè) kapab pran mezi nesese pou asire byennèt emosyonnel ak sekirite fizik elèv-li-yo epi estaf-la.

- a. Sizoka yon otorite imigrasyon fè yon demann pou antre nan yon lekòl, lekòl-la va kontakte Direksyon jiridik-la (*General Counsel*) epi va swiv pwosedi ki apwopriye, tankou mande otorite-yo prezante papyè idantifikasyon-yo, poukisa yap mande aksè nan lekòl-la, epitou mande wè yon manda jidisyè.
- b. Otorite imigrasyon dwe prezante yon ekriti de ICE ki òdonnen-yo al antre sou pwopriyete lekòl Distri-a, monte nan bis Distri-a, ak/oswa vini diran aktivite edikasyonnel; otorite-yo dwe prezante tou yon manda jidisyè.

6. Distri-a, an kolaborasyon avèk òganizasyon kominotè, va (a) ofri elèv imigran ak fanmi-yo, sipò ak asistans; (b) ofri seyans konsèy (*counseling*) ki rekonnèt efektivman enpak sou elèv ak fanmi-yo kondisyon/estati imigrasyon-yo; epi (c) va fè prezantasyon *Know Your Rights* (Konnen dwa-ou) pou elèv ak paran-yo nan lang paran-an pale, si posib; epi (d) Distri-a va asire elèv-yo byen enfòme sou opòtinite ki disponib pou ale nan kolèj, frè (*tuition*) aplikab nan Leta kote yap viv la, egzansyon frè nan lòt Leta andeyò Florid pou elèv san papyè legal, èd finansye, bous, estaj (*internships*) ak opòtinite pou karyè, kèlkeswa estati imigran-elèv-yo.

REZOLISYON ADISYONNÈL, Distri-a dwe, an kolaborasyon avèk òganizasyon kominotè, nan 60 jou apre dat Rezolisyon sa, kreye yon *Safe Place Plan* (Plan pou Kote an Sekirite) pou prepare-li nan ka yon timoun minè oswa yon elèv ki elijib k'ap frekante lekòl Distri a va soufri mank swen yon adilt kapab ba-li, manke sipèvizyon oswa titèl (*guardianship*), andeyò lekòl, alaswit aksyon otorite ki egzekite lwa federal sou imigrasyon, tankou ICE ki fè yon detansyon oswa depòtasyon posib oswa ki an sippan;

REZOLISYON ADISYONNÈL, Distri-a toujou kontinye kenbe menm politik-la pou li pa kite nenpòt endividi oswa òganizasyon antre andedan yon lekòl si diran vizit-la, anvivonman edikatif-la va pètibe konsiderableman;

REZOLISYON ADISYONNÈL, Distri-a ap afiche Rezolisyon sa andedan chak lekòl epi distribye Rezolisyon-an. Distri-a va pataje rezolisyon-an avèk estaf Distri-a, founisè pwogram siveyans timoun apre lekòl (*after school provider*) ak founisè sèvis ki pase kontra avèk Distri-a, epi Distri a va itilize mwayen komunikasyon abityèl pou pataje Rezolisyon-an avèk elèv epi paran, epi fè tradwi Rezolisyon-an nan lang ki plis pale nan distri a, kote sa posib;

REZOLISYON ADISYONNÈL, kopi rezolisyon-sa transmèt bay *Florida School Boards Association, Broward County Board of County Commissioners, the Broward County State Legislative Delegation* ak lòt ofisye eli onivo Leta ak onivo federal, lè sa nesese.



KOUNYEA, KIDONK, NAN REZOLISYON SILA, *The School Board of Broward County,*
Florida, nan dokiman sa, sipòte bi

REZOLISYON KI DEZIYEN SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA
KÒM YON DISTRI KI ANKOURAJE ENKLIZYON, SEKIRITE AK AKÈY

epi rekòmande pou tout lekòl, sant, ak depatman nan jiridiksyon-li sipòte epi respekte obsèvans
sila.

Adopte nan Fort Lauderdale, Florida, nan dat 7 Mas, 2017

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

SIVEN:



Abby M. Freedman, Chair

ATTESTE:



Robert W. Runcie, Superintendent of Schools



Definisyon

- “*Citizenship or immigration status*” - Sitwayènte oswa estati imigrasyon vledi tout keksyon ki konsènen sitwayènte Ozetazini oswa nan nenpòt lòt peyi, dwa rezide oswa pou prezan Ozetazini, lè oswa fason yon moun antrè Ozetazini, oswa lòt keksyon sou imigrasyon sivil *Department of Homeland Security* (Depatman Sekirite Teritoryal) ranfòse oubyen lòt ajans federal anchaj pou ekzekite lwa sou imigrasyon sivil.
- “*Immigration agent*” – Ajan/otorite imigrasyon vledi yon ajan Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn Etazini (*U.S. Immigration and Customs Enforcement*), Ladwàn ak Pwoteksyon Fontye (*U.S. Customs and Border Protection*), nenpòt moun ki otorize mennen aktivite ak operasyon ranfòsman lwa sou imigrasyon sivil dapre Kòd 8 U.S.C. §1357(g) oswa nenpòt lòt lwa federal, lòt ajan/otorite federal anchaj ekzekite lwa sou imigrasyon sivil, epi ak lòt siksesè.
- “*Enforcement actions*” – Aksyon, aktivite ak operasyon ranfòsman lwa sou imigrasyon enkli arestasyon; entèvyou; fouy; siveyans; obteni dosye, dokiman, ak lòt materyèl similè; ak lòt aksyon pou rezon egzekite lwa sou imigrasyon.